

La Bib pou ti moun
prézanté

Jeremi, nonm
dlo nan je a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Jeremi te fèt nan yon
fanmi relijye ki t ap viv
nan Wayòm Jida a. Papa
li, Ilkiya, se te yon prèt.
Fanmi an te rete nan yon
vil yo te rele Anatot,
toupri Jerizalèm. Petèt
paran Jeremi yo te panse
li menm tou li t ap vin yon
prèt. Men, Bondye te
genyen lòt plan.





Lè Jeremi te fèt, pèp
Bondye a pa t ap viv dapre
Pawòl Bondye. Prèske tout
moun, depi soti nan wa a
rive nan travayè ki pi enb
la, t ap adore fo dye — epi
sa te fèt menm nan tanp
sakre Bondye a !




Lè Jeremi te
yon jèn gason,
Bondye te pale
avèk li. "Mwen
te konnen w anvan ou te fèt," Bondye te di
Jeremi, "epi mwen chwazi w pou pòtpawòl mwen."




Apèl Bondye a te sanble fè Jeremi pè. "Helas !
Senyè Bondye !" li te kriye. "Mwen pa konn
pale, mwen se jis yon timoun." Li pa te yon timoun
ankò — li te genyen 20 lane. Men, Jeremi pa te

panse li te kapab pale
pou Bondye epi fè fas
ak tout mechanste ki
te bò kote li a.



"Ou pa bezwen pè," Bondye te rasire Jeremi. "Ou prale toupatou kote mwen voye w. Ou pral di tout sa mwen ba w lòd pou w di.


Mwen ap avèk ou epi m ap delivre w." Apre sa, Bondye te fè yon bagay espesyal. Bondye te touche bouch Jeremi.



Bondye te bay Jeremi fòs, kouraj ak sajès. Li te pale san kè sote, li te raple pèp la Bondye te renmen yo epi li te vle ede yo. Men, pèsonn pa te koute li. Pa menm wa a.




Menm prèt yo te vin fache epi yo te di li pou l
sispann pale de Bondye. Te genyen fo pwofèt tou ki
te di Jeremi t ap bay manti.



Jeremi te raple pèp la prèske 100 lane anvan,
Wayòm Nò a, Wayòm Izrayèl la, te abandone
Bondye. Lèmi yo, Asiryen yo, te bat yo epi yo te
deplase tout Izrayelit yo nan peyi byen lwen.






Kounye a, pèp Jida a,
Wayòm Sid la, te
abandone Bondye.
Lame lènmi yo te
deja nan wout ! Èske
Bondye t ap pèmèt
pèp li a pèdi batay la
epi pou yo te voye l
an egzil ?



Pèp la te fè zidòl yo konfyans. Èske zidòl yo te kapab delivre yo anba men lènmi yo ? Non !
Se sèlman Bondye ki te ka sove yo. Moun yo te tèlman fache kont Jeremi yo te fè yon plan pou touye li. Men, Bondye te pwoteje sèvitè l la.



Lè sa a, Bondye te di yon
bagay ki dwe te choke
Jeremi. Bondye te di : "Pa
priye pou moun sa yo. Mwen p
ap tande yo lè y ap kriye nan
pye m pou mande m sekou."




Jeremi te avèti wa a li t
ap pèdi batay la kont
lame Babilòn nan. Wa a
te fache epi li te mete
Jeremi nan prizon.
Menm nan prizon an,
Jeremi te kontinye ap
pale de Bondye epi fè li
konfyans.




Aprè yo te fin libere l
nan prizon, Jeremi te
rekòmanse ap pale de
Bondye ak wa a ak pèp
la ankò, li te di yo pou
yo retounen vin jwenn
Bondye epi fè
l konfyans.

Fwa sa a, wa a te
fè yo desann
Jeremi nan yon
sitèn byen fon epi
ki te plen labou.



Men, Bondye t ap travay nan kè wa a. Li te sove Jeremi an sekrè epi li te mande l ki sa Bondye te vle pou l fè. Repons lan se te : "Rann tèt ou, epi Bondye di lavi w ap sove."



Lame babilonyen an te konkeri
Jerizalèm ak tout wayòm Jida a. Yo
te detwi miray yo ak bilding yo, epi
yo te boule tout bagay. Bondye te
di pèp li a t ap ral an egzil pandan
70 lane, epi apre sa
Li t ap mennen yo
tounen nan
Latè


pwomiz la.




Jeremi, nonm dlo nan je a
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan
Jeremi

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





28



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

